

Deklarasyon Enpak sou Ekite pou Pwopozisyon ak Prezantasyon Komite Lekòl

Tit: Mizajou sou Re-Ouvèti ak Aprantisaj a Distans

Dat: 15/12/2020

Èske **ZOUTI PLANIFIKASYON POU EKITE RASYAL BPS** la te itilize?
(Wi oubyen Non):

Gwoup Travay pou elèv ki gen priyorite pou aprantisaj nan klas (High In Person Priority, HIPP) te itilize yon pati nan zouti a

Seksyon sou zouti planifikasyon pou Ekite rasyal BPS	Rezime/Jistifikasyon
<p>1. Pwopozisyon/Prezantasyon ak Enpak <i>Ki enpak epi ki rezilta pwopozisyon/prezantasyon an nou swete? Ki moun ki te dirije pwosesis sa a epi èske li reflekte divèsite elè/ fanmi BPS yo?</i></p>	<p>Prezantasyon sa a pral bay yon ajou sou: efò distri a pou re-ouvri lekòl yo san danje pou maksimòm elèv posib ke yo priyore pou aprantisaj nan klas, kolabarasyon kontinyèl nou avèk Sendika Pwofesè Boston yo (BTU), lidè lekòl yo, fanmi ak pèsònèl distri a pou re-ouvèti a; done sou patisipasyon aprantisaj a distans lan; epi efò nou nan yon kontèks pi laj an relasyon avèk vizyon etratejik lan.</p>
<p>2. Aliyman ak Plan Estratejik la <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon aliyen ak plan etratejik distri an?</i></p>	<p>Travay nou pou re-ouvri lekòl yo ak amelyore efikasite aprantisaj a distans lan aliyen ak angajman yo nan plan estrajik sa:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Anplifye Tou Vwa - Elimine Mank Opòtinite ak Akonplisman - Akselere Aprantisaj
<p>3. Analiz Done <i>Ki done ou te itilize pou analize pwoblèm/sijè a? Èske li te sibdivize pa ras? Ki sa ki li te montre konsènan popilasyon ki majinalize depi lontan yo?</i></p>	<p>Nou te konsidere opsyon re-ouvèti yo an fonksyon done ki te sibdivize pa ras epi estati sosyoekonomik. Desizyon nou ki se pou priyore elèv ak andikap yo pran an konsiderasyon ke gwoup sa nan yon fason dispwopòsyone se Nwa ak/oswa Latino. Done ki an rapò ak aprantisaj a distans, ki enkli kantite elèv ki prezan nan aktivite anliy yo, disponib nan yon seri tablodbò pou lekòl yo ak direksyon distri a, li aktyalize chak semèn.</p>
<p>4. "Angajman Pati ki Enterese yo" <i>Ki moun ki te angaje (kantite, demografik, ak wòl), kijan epi kisa li te bay? Kisa elèv/fanmi ki te pi afekte pa pwopozisyon an/prezantasyon di?</i></p>	<p>Pèsònèl Biwo Santral, ki enkli reprezantan Biwo Edikasyon Espesyal, Biwo Done ak Responsabilite, ak Divizyon pou Mank Ekite, Estrateji ak Opòtinite ki sipòte pa Gwoup Travay HIPP nan rankont chak semèn kap kòmanse 2 Novanm. Gwoup Travay 28 manm lan gen ladann paran, elèv, reprezantan BTU ak dirijan lekòl yo, epi li ko-dirije pa yon manm Biwo Santral ak yon manm pèsònèl BTU. Anplis, Gwoup Travay pou Re-Ouvèti a te yon kolaborasyon BTU ak distri pandan Out-Sektanm avèk 9 sou gwoup pou enfòmè sou re-ouvèti, ki depi lè a, te vin evolye pou mete sou pye pwogram kreyatif pou asire yon pèsònèl apwopriye pou aprantisaj nan klas.</p>
<p>5. Estrateji Ekite Rasyal yo <i>Kijan pwopozisyon/prezantasyon sa redwi inegalite epi ogmante ekite, patikilyèman ekite rasyal? Ki konsekans ki pa prevwa yo? Ki lòt etrateji ki pral ede nan pwogresyon ekite a?</i></p>	<p>Aprantisaj nan sal klas aktyèlman priyore yon sou gwoup elèv HIPP yo ke nou kwè ki te enpakte de fason pi negativ ak aprantisaj a distans yo. Sa kite anviwon 50000 elèv ap aprann lakay yo, se poutèt sa li trè enpòtan pou nou kontinye amelyore efikasite aprantisaj a distans nou an. Nan sezon prentan, a pati 4 Me nou te mete sou pye pèspektiv pou aprantisaj a distans te, ki te gen ladann</p>

	<p>rekòmandasyon pou estriktire aprantisaj la. Pandan peryòd sa, kantite elèv ki te prezan chak jou te an mwayèn 83% epi kantite elèv ki te nan aktivite anliy yo te an mwayèn 51%. Eksperyans yo te varye lajman, epi pandan sondaj sou elèv yo te montre ke elèv yo te santi yo jwenn sipò lekòl yo, sèlman 33% nan elèv yo te montre eksitasyon yo pou yo swiv kou yo a distans. Menm jan tou, sèlman 19% nan pwofesè yo te santi yo konfyan pou sipòte elèv ki te bezwen plis sipò akademik yo. Sa yo ak lòt done te fè BPS mete sou pye plizyè amelyorasyon ki gen ladann pou founi yon sistem jesyon aprantisaj espesyalman pou pi piti klas yo ki enkli yon fason pou fanmi yo entèraji, pou kominike yon fason klè pwotokòl sou prezans yo epi kijan pou fè diferans ant prezans anliy ak nan klas, pou lanse Panorama Student Succes pou ede pwofesè yo devlope ak kontwole plan reyisit elèv yo epi pou pèmèt devlopman pwofesyonèl pwofesè yo ak lòt manm pèsònèl lekòl yo sou pratik aprantisaj a distans. Efò pou devlopman pwofesyonèl yo te gen ladan lansman rezo kominote aprantisaj pwofesyonèl yo (PLCs) ki dirije pa pwofesè yo pou sezon otòn te fokis sou kalite aprantisaj ak distans epi pratik ibrid yo.</p>
<p>6 Bidjè ak Aplikasyon <i>Kisa enpak bidjetè yo ye? Kijan aplikasyon an pral asire ke objektif pou ekite yo atenn? Èske gen dirijan ak pèsònèl ki se Nwa, Latino epi ki pote touch pa yo sou ekite rasyal?</i></p>	<p>Pou nou ouvri sou gwoup elèv HIPP yo, disitri a te chwazi mete sou pye nouvo mezi sanitè ak sekirite, ki enkli achte plizyè milye pirifikatè, fè tès Covid gratis chak semèn, distribye ekipman pwoteksyon pèsònèl medikal, òganize tès adisyonèl sou vantilasyon ak kalite lè, bay transpò pou elèv yo, epi asire sèvis manje sou plas kote sa posib. Tout sa yo kreye enpak konsiderab sou bidjè a. Gwoup Travay la pral kontinye siveye enpak sou ekite aprantisaj a distans lan, aprantisaj nan sal klas aktyèl la, ak nenpòt ekspansyon potansyèl aprantisaj nan klas la.</p>
<p>7. Responsabilite ak Kominikasyon <i>Kijan yo pral evalye, dokimante epi kominike enpak yo bay pati ki enterese yo? Ki moun ki pral responsab sa?</i></p>	<p>Gwoup Travay HIPP a responsab efò sa yo avèk dirijan distri elaji a. Gwoup Travay la pral kontinye rankontre chak semèn jiskaske tout elèv ki gen priyorite pou aprantisaj nan sal klas yo retounen lekòl. Yon tablodbò done ki gen ladann done sou prezans elèv yo ak aktivite anliy yo pral pataje piblikman, avèk done ki repati an gwo gwoup elèv yo.</p>